

Tablo bii Natt Ndool

Senegaal

Simple Poverty Scorecard® Poverty-Assessment Tool

Mark Schreiner

27 fan ci weelu afiril ci atum 2017

Ce document en Français est disponible sur SimplePovertyScorecard.com

This document in English is at SimplePovertyScorecard.com

Bataaxal gii am na ci wolof ci SimplePovertyScorecard.com

Tënk

Tablo bii Natt Ndool xayma na ba noppo wax ne ci Senegaal, kér gu ne lu muy jéfendikoo ci xaalis jérggi na dayob ndool bi génë néew ci lou barri. Natt boobu jél na fukk ak benn ceede yoo xamne séen njég néew na. Natt googu ñungi ko jélée ci l'Enquête de Suivi de la Pauvreté au Sénégal. Lanket boobu defar nañu ko ci atum 2011. Tablo bii, mën nañu ci ligéey ci diir bu gén yées fukki simili wala mu èpp ko tuuti. Ñjubté lanket bi nak, ñungi koy taxawal ngir xéetu ndool yu bari. Tablo bi yoon bu gaaw la ci porogaraam yi nga xamne xeex ndool ci biir sénégaal ba daan ko moo leen yittéel. Tablo bi mën nañu koo jéfendikoo ngir saytu tolluwayu ndool gi ci xaaju téeméeri kér bu ne. Itam tablo boobu dana tax ñu mën topp ndool gi nu muy soppeekoo ci at yii di ñew. Rax ci dolli dinañu mën xaaj kér yu neew doolé yi ay xaaj yu bari ngir mën lèen dimbali leen ci anam yu gén.

Kaddu yu néew ci versiyong bi

Kayit gi moo weccoo ak versiyong bi weesu te kii di Schreiner bind ko ci 2009. Tablo natt gi ñu fa faram facce ñu ngi ko defar ak xibaar yu atum 2011, waayé bi weesu ñu ngi ko défar ak xibaar yu 2005/6. Tablo natt gu bees gii, moom lañu wara jéfendikoo bésniki tay. Juroom benn xéetu ndool yi ñu waññi woon ci tablo 2005/6 bu weelu suwenbi weesu, moom lanuu japp ba léegi ci tablo bu bees bi. Buko défee wéy jéfendikooyii di na ñu mën xayma ndool gi nu muy soppeekoo ci at yii di ñew boo kotolloolee ak juroom benni xéetu ndool yii. Xéetu ndool yooyu moom lanu jél defko ceede xayma yi nga xamne moo jugé ci tablo bi weesu (bii sukëndiku ci xibaaru yu 2005/6) itam jél xayma yi jugé ci tablo bu bees bi (di sukëndiku ci xibaaru atum 2011) def ko muy lunii jéfendiko ci wallu seet ak seetantal.

Cant ak ngérëm

Saytu bii porogaraam bi ñi tuddée *Private Sector Window of the Global Agriculture and Food Security Program*, and ci ak International Finance Corporation moo ci def xaalisam ngir taxawal ko. Xibaar yooyu ñungi jugé ci l'Agence Nationale de la Statistique et de la Démographie du Sénégal. Maa ngi sant bu baax kii di Yanni Chen, Momath Cissé, ak Jean Paul Sossou. Teere bii ñu bind ci farañse, kii di George Karanja (mail@georgekaranja.com) moo ko tekki ci Wolof. "Simple Poverty Scorecard" is a Registered Trademark of Microfinance Risk Management, L.L.C. for its brand of poverty-assessment tools. Copyright © 2017 Microfinance Risk Management.

Ki bind teere bi

Mark Schreiner moy njiitu Microfinance Risk Management, L.L.C. itam di Gëstu kat ci Center for Social Development, Washington University in St. Louis.

Tablo bii Natt Ndool

Cotu Raññeekaayu laaju jakkarloo bi :	<u>Tour ak sante</u>	<u>Referaansu Raññeekayu bi</u>
Bésu lanket bi :	Ni ci bokk :	
Dék bi : <u>BFA</u>	Asaan bi :	
Tablo bi : <u>002</u>	Asanse bi :	
Esantiyoon bi numu toll :	Ni dëkk ci kér gi ñaata lañu :	
Ceede bi	Tontu yií	Kaddu Score
1. Ñaata nit ño dëkk ci kér gi ?	A. Fukk ak juroom wala lu ko ëpp B. Fukk ak ñett, wala fukk ak ñent C. Fukk ak ben, wala fukk ak ñaar D. Juroom ñiente, wala fukk E. Juroom ñétt F. Juroom ñaar G. Juroom bén H. Ben ba juroom	0 8 13 20 24 28 30 35
2. Ci juroom ñaarri fan yi ñu weessu, ndax borom kér gi ligéey na diir lu gën yées bén waxtu ci loo xamné ligéeyu boppam la, ligéeyu jambur la buy fay wala bu dul fay, ligéeyu apparanti la, ligéeyu jappale jaboot gi la ?	A. Déet B. Waaw C. Amul boroom kér bu goor	0 2 5
3. Kér gi ndax am na waañ bu beru ?	A. Déet B. Waaw	0 4
4. Yan xeetu wanak ñoo am ci kér gi ?	A. Ci all bi, ci latirin bu amul koubéer, ci kiweet/siwo, wanakou mbedd, latarin bou am koubéer, latirin bu gën baax itam ñu bayyi ngelaw bi di ko ëpp, wala ci dëkëndoo yi B. Saasu dous (ak foos wala canal), wala leneen	0 6
5. Ndax séen kér am na salong bu baax ?	A. Déet B. Waaw	0 8
6. Ndax séen kér am na néeg bou baax ?	A. Déet B. Waaw	0 4
7. Ndax séen kér am na firigoo/consélaatéer buy dox ?	A. Déet B. Waaw	0 6
8. Ñaata wantilaatéer yuy dox ngéen am ci kér gi?	A. Amul B. Ben C. Ñaar wala lu ko ëpp	0 9 15
9. Ndax séen kér am na feeru paasekaay buy dox ak kuurang te di dox ?	A. Déet B. Waaw	0 4
10. Ndax séen kér am na taabal bu baax ?	A. Déet B. Waaw	0 5
11. Ndax séen kér am na juntukaayu jiw wala pilférisaatéer buy dox ?	A. Déet B. Waaw	0 8

Kayitu ligeeyukaay bi ci Suufu Paas ba : Ni Dëkk ci Kér gi

Tambali léen ci bind ci antet ba ; bu loolu weesoo bind cotu raññekaayu laaju jakkarloo gi (su fekkee mën naa nek), bésu laaju jakkarloo gi, ak tolluwaayu esantiyonyu kér gi (su fekkee mën naa nek). Boo noppee ci loolu bindal tur yii ak sante ya, ak reféraansu raññekaayu ki ci bokk (mën na baña nekk ki ñii defal lanket bi), yokk ci sa bos yaw mi di asaan bii déf lanket bi, ak bu asaans bi/berebu ligéeyukaayu kuréel bi lëkkëloo ak ki ci bokk.

Boo noppee ci loolu, nanga laaj kii ñii défal lanket bi : *Nungi lay niaane nga wax ñu turu [wala danqantal] ñi nekk ci kér ñepp, di tambali ci borom kér gi. Waa kér gi mbooloo la—bi nga xamné mungi nekk ci biir wala mu génn—bi fa dëkk te difa lekkee itam di boolé séeni koppar ngir dimbalante ci soxla yu jamp yii (luyaas, ak dunde sax). Ñooñee nangu nañu kilifteefu kenn ci ñoom di « borom kér gi ». Itam waa kér gi war nañu faa dëkk juroom benni wéer ci at bi, wala ñu fass yéené fa dëkk juroom benni wéer gën kaa yées.*

Nanga bind turu/daqantalu ñiep ñu nekk ci kér gi, ak borom kér gi, ak ku cii goor, ku cii jigéen.

Nangeen waññi ñi dëkk ci kér gi te bind ko ci lantetu tablo bi, ci wetu « Ni dëkk ci kér gi ñaata lañu : » itam tannal tontu bi bi yennu maanaa ngir mu doon céede bu jëkk bi.

Bouléen fatté xool ba raññee lu baat yi di tekki kér ak waa kér gi ci « Teeré sartu laaju djakkarloo ak lu laaj yii ak tontu yii di tekki ».

Tur (wala daqantal)	<Tur bi> ndax moy borom kér gi ?		
1.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
2.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
3.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
4.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
5.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
6.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
7.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
8.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
9.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
10.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
11.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
12.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
13.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
14.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
15.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
16.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
17.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
18.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
19.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
20.	Déet	Waaw, goor la	Waaw, jigéen la
Limu ñi ci bokk :			—

Soppi scores yii ci xayma ndool :
Xeeti ndool yi am ci dëkk bi

<i>Score</i>	Xayma ndool (%)			
	Lekk	100%	150%	200%
Dayo yi am ci dëkk bi				
0–4	25.6	97.7	100.0	100.0
5–9	19.0	89.5	100.0	100.0
10–14	16.4	84.1	100.0	100.0
15–19	14.7	84.1	98.1	100.0
20–24	11.8	77.4	97.8	100.0
25–29	11.8	74.7	97.8	99.7
30–34	10.7	74.5	93.0	98.2
35–39	5.5	52.0	85.4	96.2
40–44	5.3	43.2	74.4	90.1
45–49	4.1	33.4	70.7	89.0
50–54	2.3	28.6	63.5	85.9
55–59	2.3	22.8	57.0	80.1
60–64	1.2	16.5	49.0	72.1
65–69	0.2	5.5	35.5	61.7
70–74	0.2	4.7	25.1	52.0
75–79	0.2	2.4	16.1	37.9
80–84	0.2	1.8	10.4	20.8
85–89	0.2	1.8	3.2	14.9
90–94	0.2	1.8	3.2	14.9
95–100	0.0	0.8	1.4	6.5

Soppi scores yii ci xayma ndool :
Xeeti ndool ci adduna PPA wu atum 2005 ak 2011

Score	Xayma ndool (%)					
	Xeet yi ci adduna 2005 PPA				Xeet yi ci adduna 2011 PPA	
	1,25 dolaar	2,00 dolaar	2,50 dolaar	8,44 dolaar	1,90 dolaar	3,10 dolaar
0–4	91.7	100.0	100.0	100.0	91.7	100.0
5–9	79.8	98.3	99.9	100.0	81.2	99.7
10–14	72.6	96.8	99.8	100.0	76.1	99.6
15–19	69.2	94.6	99.8	100.0	73.6	95.5
20–24	60.3	93.3	99.7	100.0	66.1	94.9
25–29	56.7	91.0	99.3	100.0	63.1	94.4
30–34	47.1	88.9	96.4	100.0	51.7	91.6
35–39	27.9	72.4	88.7	100.0	33.2	79.7
40–44	26.5	62.1	78.0	99.4	30.2	68.8
45–49	16.8	52.1	71.4	98.7	18.0	57.2
50–54	10.9	43.2	61.1	98.7	12.8	51.3
55–59	8.3	38.3	59.1	96.5	11.2	48.5
60–64	4.6	31.1	51.8	93.5	6.7	36.5
65–69	0.8	14.8	34.9	90.4	2.1	19.0
70–74	0.7	6.6	21.3	90.4	1.0	11.0
75–79	0.6	3.4	14.0	88.2	0.7	7.6
80–84	0.6	2.6	10.4	84.0	0.7	6.5
85–89	0.6	2.1	2.5	78.3	0.7	2.5
90–94	0.6	2.1	2.5	57.6	0.7	2.5
95–100	0.0	0.9	1.1	57.6	0.3	1.1

Soppi scores yii ci xayma ndool :
Xeeti ndool yii faral di am ak
xeeti ndool yi ñi jappee ni ay xaaju téeméer

<i>Score</i>	Genn wallu ñi gënë ndool té yees ci lim mbooleem dëkk bi di 100%	Xayma ndool (%)				
		20éelu	40éelu	50éelu	60éelu	80éelu
0–4	91.7	75.9	97.7	100.0	100.0	100.0
5–9	72.7	61.1	88.7	93.3	98.3	100.0
10–14	62.5	51.2	82.9	88.8	94.3	100.0
15–19	55.8	48.9	82.9	88.8	94.1	100.0
20–24	46.5	38.5	74.0	82.5	91.3	99.8
25–29	46.2	37.6	71.8	81.0	90.3	99.3
30–34	37.9	34.7	66.1	77.6	87.4	96.9
35–39	20.6	18.3	44.4	55.8	70.4	90.4
40–44	19.8	16.6	36.2	46.7	59.3	82.1
45–49	13.3	11.6	25.1	34.9	51.0	75.9
50–54	8.1	5.9	17.0	28.8	40.1	70.1
55–59	6.5	4.8	16.0	27.3	35.7	66.7
60–64	3.2	2.4	11.4	20.3	28.9	56.5
65–69	0.6	0.5	2.6	6.3	12.6	38.5
70–74	0.6	0.5	1.2	4.4	5.8	31.7
75–79	0.6	0.5	1.1	1.7	3.3	19.8
80–84	0.6	0.5	1.0	1.2	2.6	11.4
85–89	0.6	0.5	1.0	1.2	2.1	3.7
90–94	0.6	0.5	1.0	1.2	2.1	3.7
95–100	0.0	0.0	0.5	0.5	0.9	1.6

**Ay kaddu ci xayma coppite yii
tolluwaayu ndool ci att yii
ñu jelée ko ci tablo natt bi weesu
(di sukëndiku ci xibaaru 2005/6)
ak tablo bu bees bi
(di sukëndiku ci xibaaru 2011)**

Tablo bu bees bi ñungi ko défar ak xibaaru l'Enquête de Suivi de la Pauvreté au Sénégal (ESPS) bi Agence Nationale de la Statistique et la Démographie (ANSD) def ci atum 2011. Dafa wecoo ak tablo bi nekk ci kayit bi weccoo ak versiyong bi weesu te kii di Schreiner bind ko ci 2009, te ñu defar ak xibaar yi nekk ci ESPS bu 2005/6. Tablo bu bees boobu moongi sukëndiku ci xibaaru 2011 bi ñu wara jëfëndikoo bes ni ki tey.

ANSD bu Senegaal soppiwul li *ndool* di tekki ci diganté ñaari edisong (atum 2005/6 ak 2011) bu ESPS. Rax ci dolli, juroom benni xeetu ndool moom la tablo natt bii sukëndiku ci xibaaru yu 2005/6 di jël te di ci ligéey. Tablo bii mungibootu ci tablo bu bees bii sukëndiku ci xibaaru atum 2011. Loolu moo tax, xaajutéeméeru ndool gi ñu xayma ci lu yees juroom benni xeeti ndool yi ñu japp disukëndikuwaale ci tablo bi weesu bi ñu défar ak xibaaru 2005/6. Xaajutéeméer yooyu ño mengoo ak xayma bii sukëndiku ci tablo bu bees bi ñu défar akxibaaru atum 2011.

Kon, porogaraam yi xeex ndool ci senegaal té di jëfëndikoo tablo bu yagg bi mën nañoo dem ci tablo bu bees bi té du tere ñu mën natt xaaju teemeeru ndoll gi ci at yii té mu nekk loo xamné di nañu ci mën sukëndiku ngir xayma yi bayekoo ci tablo bu yagg ba ak seetub xayma yi jugé ci tablo bu bees bi.

Ci gattal, wëy jëfëndiku yi bees ak yi weesu war nañu jëfëndikoo bes ni ki tey tablo bu bees bii sukëndiku ci xibaaru 2011. Ngir xayma coppite ndool bi nga xamne seet ndool nu muy soppeekoo ci at yii di ñëw, tablo bii woné na xayma bi gën ci diiru ceede bi ñuu ligeyee. Ngir xayma yu coppite ndool yi dugal xibaar yi weesu, wëy jëfëndiku yi ci tablo bi weesu bu senegaal mën nañoo jëfëndikoo xayma yi fi nekk ngir natt coppité ndool gi.

Teeré sartu laaju djakkarloo ak lu laaj yii ak tontu yii di tekk

Ndigël yii ñu ngi ko jëlee ci:

Agence Nationale de la Statistique et de la Démographie. (2011) « Enquête de Suivi de la Pauvreté au Sénégal (ESPS-II, 2011) : Manuel d'Instruction pour le Remplissage du Questionnaire », [ab *Yoonu jëfëndikoo*], anads.anasd.sn/index.php/catalog/17/download/350, ñu gi jot teere bi ci 6 avril 2017.

Pongk yi am solo ci laaju jakkarloo gi

Bindal ci antetu table natt bi ak ci « Kayitu ligeeyukaay bi ci Suufu Paas ba » di toppaale lu mu digle.

Ci antetu table bi, nanga wax ñi dëkk ci kër gi ñaata lañu di weeru ci list bi nga taxawal ci « Kayitu ligeeyukaay bi ci Suufu Paas ba ».

Bul ñëw rek laaj ci lu jëm ci ceede bu jëkk bi (« Ñaata nit ñoo dëkk ci kër gi ? »). Lu gën moy nga sukëndiku ci limu ñi dëkk ci kër gi bi nga bind ba noppo ci « Kayitu ligeeyukaay bi ci Suufu Paas ba ».

Laajal kii tontu yeneen laaj yëpp yi nekk ci table natt bii.

Ndenkaane ngir jaaral yoon laaj bi

Jangal « Teere sarte » bi te deñc ko ak yaw foo toll.

Boul fatte ne kii tontu mën naa baña bokk ci ñi nga xamné ñoongi bokk ci sa kureel.

Jangal laaj bu nekk ci nu mu ñëwee ci tablo.

Soo bugee marke benn tontu bu kii tontu joxe ci lu jëm ci ceedey tablo natt bi, ñungi lay ñaan nga wérèle tontu bi baax ak nattukaay bi mengoo ak moom te bind nattukaay bi ci fi ñu ko jagleel di « *Score* » te def ko ni ñu ko wonee fii :

-
- | | | |
|--|----------------------------|------------|
| 2. Ci juroom ñaarri fan yi ñu weessu,
ndax borom kér gi ligéey na diir
lu gën yées bén waxtu ci loo
xamné ligéeyu boppam la,
ligéeyu jambur la buy fay wala
bu dul fay, ligéeyu apparanti la,
ligéeyu jappale jaboot gi la ? | A. Déet | 0 |
| | B. Waaw | 2 2 |
| | C. Amul boroom kér bu goor | 5 |
-

Saafaray gallankoor yi wala pongk boo xamne waxuñusi ci « Teere sarte » te ñu bayyi ci kii def lanket bi ak xelam ndaxte Agence Nationale de la Statistique et de la Démogrphie ci diiru ESPS bu 2011 ci Senegàal. Manaam bepp kureel buy jëfëndikoo Tablo bii Natt Ndool warul joxe ay yoon yu ñii def lanket wara topp, yi ñi def ci « Teere sarte » bi nak bokku ci. Leep loo xamne faram facce wu ñu ko ci « Teere sarte » bi, bu boobaa kii def lanket bi moo wara xool lan la ko ci xelam jox.

Bul jang nuñii tontoo ci kanamu ki ñii defal lanket bi. Nanga jang rek laaj bi te taxaw xaar tontu bi. Su ki ñii defal lanket bi laajee ay leeral wala muy jax jaxal wala mu jaaxle, jangaatal laaj bi wala nga dimbale ko di sukëndiku ci « Teere sarte » wala ci linga (yaw mii di def lanket bi) xalaat ne moo jaadu.

Ni këf yii wara tëddee moy, kii def lanket bi lu ko ki énii defal lanket bi tontu rek la wara bind. Waaye nak, bu fekkee ne ki ñii defal lanket bi wax na dara—wala kii def lanket bi giss wala mu yég—ne tontu bi énu ko tontu yenuwul maana wala mu baña woolu boppam ci tontu wam wala mu soxla ku ko dimbali ngir mu xam ni mu wara tontoo, kii def lanket bi bu boobaa dafa wara jangaat laaj bi te dimbali ki muy laaj te di sukëndiku waale ci li nek ci « Teere sarte » bi.

Naam ceede yu Tablo bii Natt Ndool mën nañu koo camber, soxlawul ngeen di camber tontu yi ñi leen jox. Cambar gi yéenëngi koy def ci bu fekkee ne da ngeen yég né tontu bi ñu leen tontu baaxul walaa cambar gi wara mën yokk baaxaayu xibaar yi. Ci misaal, mën ngaa cambar tontu bi bu fekkee ne kii tontu mu ngi jax jaxal wala mu tiit wala muy niroo ak ku waxul dëgg wala mu jaaxle. Itam cambar gi di na am solo—ci misaal—bu fekkee ben xale ci kér gi wax na lu mengoowul ak li kii tontu wax. Cambar di na am solo bu fekkee ne gisal ngéen seen bopp—lu mel ni loo xamne kii tontu wax na ne amuko, wala ben xale buy lekk ci neeg bu énu waññiwul ni neeg bu bokk ci kér gi—te di firndé ne tontu bi mën naa baña doon dëgg.

Ci li ñu gënë seet, niñu wara jëfëndikoo Tablo bii Natt Ndool dafa wara niroo ak li nekk ci ESPS bu 2011 te Agence Nationale de la Statistique et de la Démographie au Sénégal def ko. Ci misaal, laaju jakkarloo gi ñungi ko wara defe ci kér ki ñii defal lanket bi mel ni nuñu ko defeewoon ci ESPS bu 2011.

Tekki Laaj yii :

Fi mu toll nii, am na ay tekki ofisel bu tablo natt bi, ak bu « Kayitu ligeyukaay bi ci Suufu Paas ba », ak bu « Teere sarte » bi ci Angale, ci Farañse, ak ci Wolof. Wëy jëfëndiku yii mën naño koo cambar ci SimplePovertyScorecard.com ngir giss ndax ben tekki ci lakk yi am ci dëkk bil jot naa genn.

Fii ba tekki ofisel di am ci ben lakk bu am ci dëkk, wëy jëfëndiku yii war nañu sukëndiku ci ki bind teere bii ngir am ci xam xam bud doy su fekkee dañoo bëgg tekki teere bii ci beneen lakk. Ngeen bayyi xel ne, li ceede yi nekk ci tablo natt bi dafa wara mengoo bu baax ak li versiyong ofiselu laaj bi nekk ci ESPS bu 2011 bi ñu bind ci farañse di tekki. « Manuel d’Instructions pour le Remplissage du Questionnaire » bu ESPS bu 2011 dañu ko bind ci farañse, loolu moo tax « Teere sarte » bi waru ñu koo tekki ci neneen lakk ludul di jël versiyong bu faraénse bu *Yoonu jëfëndikoo* gi def ko weeruwaay.

Suñu sukëndikoo ci paasu 7 ci *Yoonu jëfëndikoo* bi, « Soo leen munul lakk lakk bi ñii lakk ci kér gi, te keneen ci kér gi munul lakk farañse, danga ko wara yegël sa kilifa ci ligéey bi. Bu fekke ut ku mën lakk lakk bi moo fi sës, nanga seet bou baax na muy tekkiwee laaj yii. Ñaan ko mu tekki laaj yii ak tontu yii ci anam you gënë baax. Tontu yii dañoo wara mengoo ak laaj yii. Na ngeen moytu kii tekki di tontul ki ñii defal lanket bi. »

Ku wara nekk ki ñii defal lanket bi ?

Na ngeen bayyi xel ne kii tontu warul nek ku bokk ci sa kureel.

Bu ñu sukëndikoo ci paas 10 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, « Ki wara tontu ci laaj yi dafa wara nekk borom kér gi wala ki ko fay nekkal (ci misaal, taawam bu goor wala bu jigéen, wala magam, wala soxnaam). Ñi ci des mën na ñoo bokk ci laaju jakkarloo gi waye ngir dolli ci xibaar yii ak gënë leeral tontu yii. »

Kan mooy borom kér gi ?

Yoonu jëfëndikoo gi mungi japp ne borom kér gi bokk na ci waa kér gi te ñëp def nañu ko kilifa itam ndogal gi ci kér gi moo ko yore.

Bu ñu sukëndikoo ci paas 13 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, « Borom kér gi mën naa baña doon goor, doon te loolu moo gën bari. »

« Ci yenn kér yi am wujje, dañuy japp jëkkér ji ni borom kér donte sax am na beneen kér. Su fekkee ne loolu moo am soxna si (wala kenn ci soxna yii) dëkk ci kér gi, moo wara am taxawaayu kilifa su fekkee ne borom kérém nekkoufa mooy doon borom kér gi (suñu sukëndikoo ci li nekk ci [tablo natt] bi.

« Su fekkee ne borom kér gi dëkkul ci kér gi, jël leen keneen def ko borom kér gi (soo leen raññeeewe kan moy kilifa gi). Mën naa nekk ci misaal, mag ji, yaay ji, wala nijaayu borom kér gi wala keneen ku am baatu dogal ci kér gi bu fekkee ne borom kér gi nekkufi.

« Bu fekkee ne borom kér gi dëkkul ci kér gi ñi def lanket bi waaye fekk mu fanaan fa bes booba., dañu koy jappe ne jëkkér juy ayé ci soxnaam.

« Ci misaal : Fatou Diouf moy ñaareelu Modou Faye. Mungi dëkk ci beneen kér bu bokkul ak bi jëkkérém nek di kér aawoom. Fatou dafay doon borom kér gi. Modou Faye dafay doon jëkér juy aye ci soxnaam su fa fanaanee, lu ko moy du bokk ci laaj bi.

« Baat yi di *jëkkér/soxna* ño yemoo ak *jëkkér/jabar* wala *nekkaale*, donte sax borom kér gi goor la wala jigéen, wala seen sey dagan am déet. »

Nii ñi def ngir matal sutura gi ci laaj yii

Boo xoolee paas 6 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, dangeen wara deñc tontu yii.

« Tontu yi ngéen jot, kenn ku dul yéen waruko xam. War ngéen dalal seen xel di leen fattéli ne seen tontu yii ken du ko jéebaane.

« Bu leen and mukk ak koo xamne bokkul ci lanket bi soo leen di def laaju jakkarloo yi (xanaa mu doon kii tekki lakk bi ngir nga mën wax ak waa kér gi).

« Seen ligéey waroo léen ko jox keneen ku bokkul ci fi nga bokk [sa kuréel].

« Na ngeen toppatoo bu bax seen kayitu laaj yi nga xamne bind ngeen ci ba pare. Waroo leen ko di bayyi seen gannaaw, (donte sax ay xaaj la) ci ay bereb yoo xamne nit ku bokkul ci lanket bi mën na cee teg bëtëm.

Ndaje gu jëkk ak waa kër gi

Bu ñu sukëndikoo ci paas 6 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, nii ngeen wara doxale soon leen dajee ak waa kër gi.

« Boobu [waxtu] moo gënë am solo ndax moy xalaat bu jëk bu waa kër gi di am ci yaw te loolu mooy woné ni kii ñii defal lanket bi nara tontoo.

« Ngeen bayyi xel ci yenn ponk yu am solo ci ni nga wara mel yow mii di def lanket bi :

- Na sa colin yiit am na nga yaru
- Bul tox ci birr kër gi
- Bul dog kii tontu itam bul ko force mu tontu
- Na ngeen moytu di jox seen xalaat ci tontu yi ñi tontu mu baax wala mu bon ndaxte mën naa yaq xelu kii tontu ba muy soppi ay tontu wam
- Bu fekkee ne dafa am ay tontu yoo xamne am ngeen ci xel ñaar, cambar leen ko te laaj ndax luy fara di am la, ci misaal
- Bu fekkee ne kii tontu daf am xel énaar ci yaw, wax ci ay kaddu yu dal ne sa kilifa ci ligéey bi mo la laaj nga cambar bëpp koom bu bari
- Na ngeen tamm doxalin yooyu, [« Teere sarte » gii], ak laaj yii
- Kii lanket bi su juume di jaxjaxal yax na xalaat bu baax bi kii tontu amoon ci moom itam dina metti mu amaat ko

« Boo leen nekkee ci kër gi, na ngeen wax yeeney kan (wone leen seeni kart wala seeni raññeekaay) te ngeen wax lu doonoon seen ay tank, manaam :

- Yeena ngi ligeeyee ki benn [kureel] di def benn lanket ci kër yii [yi am benn wala nit yu bari yu bokk ci kureel gi]
- Këram dañu koo jël ni loteri ngir ñu tontu ci laaju lanket bi
- Xibaar yi lanket bi di joxe am nañu solo ndax di na ñu dimbali ñu gënë xam ni kër yii di dunde [kër ñi nga xamne yeena bokk kureel]
- Xibaar yi ngeen di tataan, ci yeen rek lay yem

« Boo leen jottaliwee li lanket bi di laaj ba am koolute borom kër gi, mën ngeena tambali bind ci laaj yii. »

Ndigal ci ceede yi nga xamne table bi rek moo ko moom

1. Ñaata nit ño dëkk ci kér gi ?
 - A. Fukk ak juroom wala lu ko ëpp
 - B. Fukk ak ñett, wala fukk ak ñent
 - C. Fukk ak ben, wala fukk ak ñaar
 - D. Juroom ñiente, wala fukk
 - E. Juroom ñétt
 - F. Juroom ñaar
 - G. Juroom bén
 - H. Ben ba juroom

Bul ñew rek tambalee laaj laaj bi ni mel kii ñii defal lanket bi. Li gën mooy nga bindal tontu bi gënë mengoo ak lim gi nga xamne bindoon nga ko bu yagg ci « Kayitu ligeeyukaay bi ci Suufu Paas ba ».

Bu ñu sukëndikoo ci paas 10 ba paas 11 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, « ESPS bu 2011 neena degg degg bu mu am ci *kér* mooy ay nit yu bokk fiñu dëkk te di boolé séeni koppar ngir dimbalante ci soxla yu jump yii (luyaas, ak dunde sax). Ñooñee nangu nañu kilifteefu kenn ci ñoom di borom kér gi.

« Degg degg bii moo mengoo ak baat bii di « Njël » ci Wolof, « Ngaak » ci Serèer, « Hirande » ci Pulàar, « Niaxame » ci Soninke, « Fusil » ou « Sinkame » ci Diola, ak « Sinkiro » ci Manding.

« Li gënë mënë tax ñu raññee ne ki *ci kér gi la bokk* mooy diir bi mu dëkk ci kér gi. Ci yoon, waa kér gi war nañu faa dëkk juroom benni wéer ci at bi. Waaye nak war nanu bayyi xel ci yenn mbir yi mënë tax ñu war ci mën boole ñi ci bokkulwoon su fekkee ne ñoo xamne :

- Dañoo nekk ci kér gi waaye amaguñufa juroom benn (6) weer te fass nañu yéene dëkk fa te def ko muy seen kér (maanaam ngir nekk foofa te feete foofa). Mooy soxna yi joge seen kér baay ngir sey si ci kér gi, bokk na ci ñi mën doon waa kér gi ñoo xamne ligeey wala toxu moo leen fa taxa dëkk (joge ci dëkk toxu ci beneen dëkk)
- Liir yi nekk ci kér gi

Yenn xeetu kér yu barriwul :

« Pongk yooyu ñooy wonne mettiwaayu jox degg degg baat yii di *kér*, ak *ñi dëkk ci kér gi*. Firndé yii di na leen dimbali ngeen gënë xam baat yooyu :

- Ab kér kenn nit dong mën na caa dëkk
- Ñi nekk ci kér gi mën nañoo baña doon ay mbokk
- Ñi bokk ci kér gi mën naénoch baña dëkk ci biir kér gi dax yenn saay mën naénoch am ab pantare ci wetu kér gi (ci misaal ndax xataayu kér gi). Waaye, loolu yëpp du tere ñu bokk ci kér gi ndax am nañu ci wall ([dëkk nañu ci kér gi gën kaa yees juroom benni weer ci at bi], ñoongi bokk ci añ bi, ñoongi def seen alal bokk ko, itam nangu nañu kilifteefu borom kér gi, manaam)
- Ay wujj yu dëkk ci benn kér, dañii japp ne loolu benn kér la. Bu fekkee ne bokkuñu kér (ñenn ñii dëk ci ay neeg yu neek ci koñ bi), kér soxna su nekk dafay doon benn kér wala mu bokk ci ab kér. Bu fekkee ne soxna yii daénoch bokk ci ay kér yu wuute (ci misaal kenn si ñoom mungi dëk kér baayam), borom kéraram ci kér ga muy faral di nekk lay bokk. Bu fekkee ne dafay aye ay fan yu tolloo ci soxna su ne, ci kér awoom lay bokk te fa lay doon borom kér ñaareelam nak danu kay jappe ni borom kér ca kérém
- Ñii di luwe am di suu luwe duñu leen boole ci kérku ki leen di luwe. Itam mbindaan yi dul fanaan ci kér ki leen bind duñu leen fa boole (mbindaan yi di wacc ngoon saa su ne)
- Booy yii ak mbindaan yi dëkk ci kér ki leen bind bokk nañu ci kéraram. (Mbindaan yi faral di wacc samedi)
- Bu fekkee ne ki yore *daara* bi (seriñ bi) mungi añ te dëkk feneen (bayyi ay taalibeem), na ngeen japp ne moom ak jabootam ño nekk kér gi. [Taalibe yi nekk ci *daara* bi bokku ñu ci kér seriñ bi] »

Bu ñu sukëndikoo ci paas 16 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, « eleew/etijan yi jang ci beneen gox wala di wacansu ci kér mbokkam bokkuñu ci kér gi] . . . su fekkee ne fas yeene wuñu faa toog. »

Bu loolu amee kon etijan yi dul dëkk ci kér gi bu jangukaay ya ubbee te nekku ñu fa waxtu wu ñi def laaju jakkarloo bi duñu leen boolé ci ñi dëkk ci kér gi.

Ci gattal, nit bokk na ci kér bu fekkee ne matal na ponk yii :

- Dëkk na ci kér gi gën kaa yees juroom benni weer ci at bi, wala mu fas yeene faa dëk lumu dee dee juroom benni weer
- Di lekk ci kér gi
- Di fa fanaan
- Di boolé séeni koppar ngir dimbalante ci soxla yu jamp yii luyaas, ak dunde
- Di nangu kilifteefu kii di borom kér gi te ñëpp nangu ko

Bu ñu sukëndikoo ci paas 10 ba paas 11 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, di nga « japp bu baax sa xel ñaari mbir yii ngir mënë bind ci [limu ñi bokk ci kër gi] :

- *Ñi nga xamne ñoom rekka dëk* : Mooy ñi nga xamne amuénu soxna wala borom kër te amuñu ay doom wala ku ñu yor te mu dëkk ci kër gi
- *Jaboot gi ci kër gi mu jekk bi* : Mooy « jaboot » gi. Ñi ci bokk moodi wey jur yii (wala kenn ci ñoom) ak ñi mu jurr (ay doomam) kepp. Ci boppu jaboot ki ci kër gu ne , am na kilifa jaboot. Ben kër mën naa am ben wala jaboot yu bari. Loolu moo tax, ñi dëkk ci kër go xamne soxna yi ay wuj lanu ak seeni doom yi nekk xale dañii japp ne ci benn jaboot gi lañi bokk rawatina nak sunu bokee benn kër. Jaboot gi man naa amit ñi jur mag ñi (maamu borom kër gi), mag yi ak rakk yu goor ak yu jigeen, jarbaat yu goor a kyu jigeen, nijaay yi, . . . ak xale yi nga xamne da ño dal ci kër gi te borom kër gi yor leen (bu fekkee amuñu ay doom)

« Bu ñu noppee ci tërël li [lanket] bi taxa jog te ñu jot ndigalu borom kër gi wala ku ko fa nekkal ngir tambali laaju jakkarloo gi, dagneen wara, bayyi xel ci degg degg yenn baat yi ñi joxe ci kaw, waññi waa kër gi yëpp (ñi fa nekk ak ñi fa nekkul), manaam ñi faral di nekk ak di bokk di lekk.

« Yoonu wañi gi fii dafay yombal wañi gu waa kër gi :

- Ki ñi wara jëkk bind mooy borom kër gi. Boo noppee ci loolu nak bind ñeneen éni ci des te toppalante ko nii (su fekkee ne borom kër gi goor la) :
 - Ay doomam kepp yoo xamne seen yaay bokkul ci kër gi te di tambali ci ki nga xamne moo gën mag
 - Awoom
 - Ay doomam kepp yi nga xamne awoom juru leen te di tambali ci ki nga xamne moo gën mag
 - Yeneen soxnaam yi ñetteel ba ñinteel (su amee) ak ay doomam kepp
 - Ñeneen ñi bokk ci jaboot gi su fekkee ne amuñu jaboot ci seen bopp
- Boo noppee ci bind jabootu borom kër gi, danga wara eggali ak yeneen jaboot yi fa nekk te toppalante te ko nii :
 - Doomi borom kër gi te di tambali ci ki gën mag. Ci misaal, doomam bu goor wala bu jigeen bi gënë mag
 - Magu kër gi bu fekkee ne ci jaboot gi lanu bokk. Ci misaal maam bu goor bi wala bu jigeen bi
 - Mbokk yu jege yii (mag yii ak rakk yu goor ak yu jigeen, jar baat yii, doomi mag ak rakk yii, nijaay yii, bajjen yii, yeneen mbokk yii)
 - Yeneen jaboot yi bokkul ci jabootu borom kër gi waaye bokk ci waa kër gi.
Ci misaal, jabootu surga bi, garjeng bi, sofoor bi, wala mbindaan bi

« Ñi nga xamne dañu leen yor (ci misaal ñoo xamne danu leen dengkaane) danu bokk ci jaboot gi leen yor.

« Ñii luwe, ñii suu luwe, ak mbindaan yii bokkuénu ci kér gi (xaana mbindaan yi fanaan ci seen kér patrong). »

« Ngir mu woor la ne fatte woo kenn, laajal ndax amul ñeneen ñu mel ni xale yu ndaw yii ak liir yii nga xamne bindoo leen. »

2. Ci juroom ñaarri fan yi ñu weessu, ndax borom kér gi ligéey na diir lu gën yées bén waxtu ci loo xamné ligéeyu boppam la, ligéeyu jambur la buy fay wala bu dul fay, ligéeyu apparanti la, ligéeyu jappale jaboot gi la ?
- Déet
 - Waaw
 - Amul boroom kér bu goor

Na ngeen fatteliku-ne xam ngeen turu borom kér bu goor bi ba noppi (su amee) di sukëndiku ci bind yi nga bindoon ci « Kayitu ligéeyukaay bi ci Suufu Paas ba ». Loolu moo tax, su fekkee ne dafa am benn borom kér bu goor, bu leen ñëw rek laaj : « Ci juroom ñaarri fan yi ñu weessu, ndax borom kér gi ligéey na diir lu gën yées bén waxtu ci loo xamne ligéeyu boppam la, ligéeyu jambur la buy fay wala bu dul fay, ligéeyu apparanti la, ligéeyu jappale jaboot gi la ? », yaar leen ci turam moo gën, ci misaal : « Ci juroom ñaarri fan yi ñu weessu, ndax Ousmane ligéey na diir lu gën yées bén waxtu ci loo xamne ligéeyu boppam la, ligéeyu jambur la buy fay wala bu dul fay, ligéeyu apparanti la, ligéeyu jappale jaboot gi la ? ». Bu fekkee ne amul boroom kér bu goor, kon buleen laaj boobu laaj kin gay defal lanket, te nga bind tontu bii « C. Amul boroom kér bu goor » te ngeen jall ci laaj bi ci top.

Bu ñu sukëndikoo ci Tablo bii Natt Ndool, *borom kér bu goor bi* mooy :

- Borom kér gi, su fekkee ne borom kér gi ku goor la
- Borom kér soxna si nek borom kér, su fekkee ne borom kér bu jigeen jigeen la
- Amul, su fekkee ne borom kér bu jigeen bi jigeen la te amul borom kér gu bokk ci kér gi

Bu ñu sukëndikoo ci paas 27 ak 28 bu *Yoonu jéfëndikoo* bi, degg degg bi ñi am ci « *Ligéey* mooy luy jur koom. Ëmb na kon bepp xëy buy jur koom, mën naa doon xëyu sosieete wala xëyu nit rek, buñii Fey wala bu ñu dul Fey, bu jëm ci wallou mbey, wala bu jëmoul ci wallou mbey. Am luy jur koom, di ligéey wala am xëy, mooy di defar dara wala, di jaay sa xam xam wala sa doole.

« Na ngeen bayyi xel nak, ci nand bu baax degg degg ak baat yi ñii jëfëndikoo niki « ligéeyu bopp », « ligéeyu jambur la buy fay wala bu dul fay » ou « ligéeyu apparanti la, ligéeyu jappale jaboot gi la », ngir mën laaj, cambar ak bind tontu yi nga jot ci ñi nga laaj.

- *Ligéeyu bopp* : Mooy ñi yor seen yëfu bopp di ca yengu, mu am ñu mu ko bokkal wala deet. Ñoongi jariñu ci sosieete wala ci seen mbiru bopp te man nañoo ligéeyloo ñeneen. Ci misaal : Soxna Fay moom na ab salongu let jël na ay janq lettkat yu kay dimbali mu leen di fay. Wala seriñ Juuf bii sooga taxawal ab ateliee ñaw, bokk na k oak yeneeni ñawkat, nekkagul apparanti
- *Ligéeyu jambur la buy fay* : Mooy kii ligéey di fayeeku ak contraa wala deet te di ligeeyal ku nekk ci nguur gi (su fekkee ne nombal tanku nguur gi la wala kureelu nguur gi) wala itam piriwé. Su ligéeyée ba pare, dafay feyeeeku, saleer wala weexal, ci xaalis (alal) wala ligéey wala ãar yëpp, mungi jot xaalis boobu semen bu ne wala weer bu ne. Su feyekoo leneen lu dul xaalis, dafay feyeeeku ak lu mu mënë dunde. Mën nañoo joxe misaalu jangalekat, garjin, surga etc.
- *Apparanti* : Apparanti mooy kii jang metie ; lu ci gën bari ñoom ci « atelie » bi lañii jange. Niki ligéeyu jappale jaboot gi, di na jot ay neexal leeg leeg wala mu am lumu jox seefam ngir mu jangal ko metie bi wala seef bi di ko fay xaalis. Ci misaal : Ab waxambaane buy jang metiewu suudéer ci atetie mënise metaalik. NB : Su fekkee di ney jot xaalis bu am solo, danuu japp ne ab saleer la te japp ne nit ki dafay jot saleer
- *Ligéeyu jappale jaboot gi* : Mooy kii di ligéey te du jot xaalis ci legéeyam ; dafay dimbale waa kér ci metieewam, du ci jot fay (saleer wala wexal), ci xaalis wala ak lu mu mënë dunde. Mën na am itam ay neexal wala ndimbal ci waa kér gi

« Bu fekkee ne nit ki ligéey na ci juroom ñaari fan yi jiit u laaju jakkarloo gi, su fekkee ne sax diiru waxtu la ligéey, bindal « B. Waaw ». Bu fekkee ne nit ki ligéeyul ci juroom ñaari fan yi jiit u laaju jakkarloo gi, bindal « A. Déet ».

« Waaye nak, balaa ngeen di jël tontu « A. Déet », na ngeen xooll ba mu woor leen ne nit ki amul woon ligéey ci diir boobu. Dëgg la, ñi nga xamne dañoo bayyi seen ligéey ci diir boobu dañu leen di jappee ni ku amoon ligéey ci diir boobu le. Mooy ñi nga xamne dañoo ligéeyatul ndax dañoo amoon conse wala permison, wala ñu feebloon wala amoon aksidan, ñu wañni ko wala beneen xeetu ténk. »

Yoonu jëfëndikoo gi mungi japp ne borom kér gi bokk na ci waa kér gi te ñëp def nañu ko kilifa itam ndagal gi ci kér gi moo ko yore.

Bu ñu sukëndikoo ci paas 13 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, « Borom kér gi mën naa baña doon goor, doon te loolu moo gën bari.

« Ci yenn kér yi am wujje, dañuy japp jëkkér ji ni borom kér donte sax am na beneen kér. Su fekkee ne loolu moo am soxna si (wala kenn ci soxna yii) dëkk ci kér gi, moo wara am taxawaayu kilifa su fekkee ne borom kérém nekkoufa mooy doon borom kér gi (suñu sukëndikoo ci li nekk ci [tablo natt] bi).

« Su fekkee ne borom kér gi dëkkul ci kér gi, jël leen keneen def ko borom kér gi (soo leen raññeeewe kan moy kilifa gi). Mën naa nekk ci misaal, mag ji, yaay ji, wala nijaayu borom kér gi wala keneen ku am baatu dogal ci kér gi bu fekkee ne borom kér gi nekkufi.

« Bu fekkee ne borom kér gi dëkkul ci kér gi ñi def lanket bi waaye fekk mu fanaan fa bes booba, dañu koy jappe ne jëkkér juy ayé ci soxnaam.

« Ci misaal : Fatou Diouf moy ñaareelu Modou Faye. Mungi dëkk ci beneen kér bu bokkul ak bi jëkkérém nek di kér aawoom. Fatou dafay doon borom kér gi. Modou Faye dafay doon jëkér juy aye ci soxnaam su fa fanaanee, lu ko moy du bokk ci laaj bi.

« Baat yi di *jëkkér/soxna* ño yemoo ak *jëkkér/jabar* wala *nekkaale*, donte sax borom kér gi goor la wala jigéen, wala seen sey dagan am déet. »

Su fekkee kii tontu nanguwul tontu te kenn ci waa kér gi mënula tontu ci laaj bi, kon ñungi lay ñaan nga bind « A. Déet ».

3. Kér gi ndax am na waañ bu beru ?

- A. Déet
- B. Waaw

Bu ñu sukëndikoo ci paas 58 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, « danu wara xam ndax waañ bi bokkul ci kér gi (« B. Waaw ») wala ndax ci la bokk (« A. Déet »). »

Su fekke ne kii tontu xamul, wala mënul tontu, wala su fekke ne yaw, mii di def lanket bi, mënuloo xam ndax kér gi dafa am waañ bu beru, kon ñungi lay ñaan nga bind « A. Déet ».

4. Yan xeetu wanak ñoo am ci kér gi ?

- A. Ci all bi, ci latirin bu amul koubéer, ci kiweet/siwo, wanakou mbedd, latarin bou am koubéer, latirin bu gën baax itam ñu bayyi ngelaw bi di ko ëpp, wala ci dëkëndoo yi
- B. Saasu dous (ak foos wala canal), wala leneen

Bu ñu sukëndikoo ci paas 63 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, xeeti tabax yi ñi def wanak yii ñooy :

- *Latirin bu amul koubéer* : Mooy latirin bu ñu bayyi noonu te kenn defu ci kubéer
- *Kiweet/siwo* : Mooy potu sambur bi ñii def ganuwaay yii. Bu ñu ci paree, dañu key tuur ci foos bi, ci all bi wala ci kondiir yi
- *Wanakou mbedd* : Mooy wanak yi nekk ci marse yii, wala ci ekool yii, etc.
- *Latarin bou am koubéer* : Mooy latarin bu ñu utal kubéer
- *Latirin bu gën baax itam ñu bayyi ngelaw bi di ko ëpp* : Mooy wanak boo xam ne, dafa am foos, te danu caa yokk ay juntukaay (manaan ay tiwo) yii tax ba xet gi dafay wañeeku. Ngalaw gi daf koy ëpp (mu feex) itam mu gën jappandal ni latirin yu bees yii
- *Saasu duus ak kanaal* : Mooy xeeti wanak boo xamne ndox mi mooy jallale salte bi ci kanaalu asenisman yii nguur gi defar ak ay « kanaal ». Nox moomu man naa jugé ci robine wala ci ak siwo yuñu duy
- *Saasu duus ak foos* : [Mooy xeeti wanak boo xamne ndox mi mooy jallale salte bii] dem ci foos bi ñii manq saa bu feesee

Su fekkee ne tontu bi mengoowul ak benn ci yi nekk ci kayit gi, kon ñungi len di ñaa ngeen japp ne tontu moy « leneen » te ngeen bind « B. Saasu duus (bu am foos wala kanaal), wala leneen ».

Su fekkee ne kii tontu xamul wanak bi namu bindoo wala xamul tontu bi, wala itam su fekkee ne yam mii, di def laket bi, mënuloo xam nu wanak yi bindoo, kon ñungi lay ñaan nga bind « A. Ci all bi, ci latirin bu amul koubéer, ci kiweet/siwo, wanaku mbedd, latarin bou am koubéer, latirin bu gën baax itam ñu bayyi ngelaw bi di ko ëpp, wala ci dëkëndoo yi ».

5. Ndax séen kér am na salong bu baax ?

- A. Déet
- B. Waaw

Bu ñu sukëndikoo ci paas 56 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, « Na ngeen xool ba mu woor leen ne salong bi baax na, maanaam muc na ab ay. Su fekkee ne salong bi baaxul, na ngeen laaj lan moo ci yaqqu. Su fekkee mën nañu koo jagal, jappée leen ko ni salong bu baax te ngeen bind « B. Waaw ». Waaye nak su fekkee ne salong bi daal baaxul te kenn manukoo jagal, japp leen ne salong bi baaxul te ngeen bind « A. Déet ». »

« Ak ku mën moom salong bi te mu bokk ci waa kér gi. »

Su fekkee ne kii tontu xamul ndax kér gi am na salong wala xamul tontu bi, itam su fekkee ne yaw mii, di def lanket bi, mënuloo xam ndax kér gi am na salong, kon ñungi lay ñaan nga bind « A. Déet ».

6. Ndax séen kér am na néeg bou baax ?

- A. Déet
- B. Waaw

Bu ñu sukëndikoo ci paas 56 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, « Na ngeen xool ba mu woor leen ne neeg bi baax na, maanaam muc na ab ay. Su fekkee ne neeg bi nga gis baaxul, na ngeen laaj lan moo ci yaqqu. Su fekkee mën nañu koo jagal, jappee leen ko ni neeg bu baax te ngeen bind « B. Waaw ». Waaye nak su fekkee ne neeg bi daal baaxul te kenn manukoo jagal, japp leen ne neeg bi baaxul te ngeen bind « A. Déet ».

« Ak ku mën moom neeg bi te mu bokk ci waa kér gi. »

Su fekkee ne kii tontu xamul ndax kér gi am na neeg wala xamul tontu bi, itam su fekkee ne yaw mii, di def lanket bi, mënuloo xam ndax kér gi am na neeg, kon ñungi lay ñaan nga bind « A. Déet ».

7. Ndax séen kér am na firigoo/consélaatéer buy dox ?

- A. Déet
- B. Waaw

Bu ñu sukëndikoo ci paas 56 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, « Na ngeen xool ba mu woor leen ne firigoo/consélaatéer bi baax na, maanaam mungi dox. Su fekkee ne firigoo/consélaatéer bi nga gis doxatul, na ngeen laaj lan moo ci yaqqu. Su fekkee mën nañu koo jagal, jappee leen ko ni firigoo/consélaatéer bu baax te ngeen bind « B. Waaw ». Waaye nak su fekkee ne firigoo/consélaatéer bi daal doxatul te kenn manukoo jagal, japp leen ne firigoo/consélaatéer bi baaxul te ngeen bind « A. Déet ». »
« Ak ku mën moom firigoo/consélaatéer bi te mu bokk ci waa kér gi. »

Su fekkee ne kii tontu xamul ndax kér gi am na firigoo/consélaatéer wala xamul tontu bi, itam su fekkee ne yaw mii, di def lanket bi, mënuloo xam ndax kér gi am na firigoo/consélaatéer, kon ñungi lay ñaan nga bind « A. Déet ».

8. Ñaata wantilaatëer yuy dox ngéen am ci kér gi?

- A. Amul
- B. Ben
- C. Ñaar wala lu ko ëpp

Bu ñu sukëndikoo ci paas 56 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, « Na ngeen xool ba mu woor leen ne wantilaatëer bi baax na, maanaam mungidox. Su fekkee ne wantilaatëer bi nga gis doxatul, na ngeen laaj lan moo ci yaqqu. Su fekkee mën nañu koojagal, jappee leen ko ni wantilaatëerbu baax te ngeen bind ko. Waaye nak su fekkee ne wantilaatëer bi daal doxatul te kenn manukoo jagal, japp leen ne wantilaatëer bi baaxul te bu leen kobind. »

« Ak ku mën moom wantilaatëer bi te mu bokk ci waa kér gi. »

Su fekkee ne kii tontu xamul ñaata wantilaatëer la kér gi am wala xamul tontu bi, itam su fekkee ne yaw mii, di def lanket bi, mënuloo xam ñaata wantilaatëer la kér gi am, kon ñungi lay ñaan nga bind « A. Amul ».

9. Ndax séen kér am na feeru paasekaay buy dox ak kuurang te di dox ?

- A. Déet
- B. Waaw

Bu ñu sukëndikoo ci paas 56 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, « Na ngeen xool ba mu woor leen ne feeru paasekaay buy dox ak kuurang bi baax na, maanaam muc na ab ay. Su fekkee ne feeru paasekaay buy dox ak kuurang bi nga gis baaxul, na ngeen laaj lan moo ci yaqqu. Su fekkee mën nañu koo jagal, jappee leen ko ni feeru paasekaay buy dox ak kuurang bu baax te ngeen bind « B. Waaw ». Waaye nak su fekkee ne feeru paasekaay buy dox ak kuurang bi daal baaxul te kenn manukoo jagal, japp leen ne feeru paasekaay buy dox ak kuurang bi baaxul te ngeen bind « A. Déet ». »

« Ak ku mën moom feeru paasekaay buy dox ak kuurang bi te mu bokk ci waa kér gi. »

Su fekkee ne kii tontu xamul ndax kér gi am na feeru paasekaay buy dox ak kuurang wala xamul tontu bi, itam su fekkee ne yaw mii, di def lanket bi, mënuloo xam ndax kér gi am na feeru paasekaay buy dox ak kuurang, kon ñungi lay ñaan nga bind « A. Déet ». »

10. Ndax séen kér am na taabal bu baax ?

- A. Déet
- B. Waaw

Bu ñu sukëndikoo ci paas 56 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, « Na ngeen xool ba mu woor leen ne taabal bi baax na, maanaam muc na ab ay. Su fekkee ne taabal bi nga gis baaxul, na ngeen laaj lan moo ci yaqqu. Su fekkee mën nañu koo jagal, jappée leen ko ni taabal bu baax te ngeen bind « B. Waaw ». Waaye nak su fekkee ne taabal bi daal baaxul te kenn manukoo jagal, japp leen ne taabal bi baaxul te ngeen bind « A. Déet ». »

« Ak ku mën moom neeg bi te mu bokk ci waa kér gi. »

Su fekkee ne kii tontu xamul ndax kér gi am na taabal wala xamul tontu bi, itam su fekkee ne yaw mii, di def lanket bi, mënuloo xam ndax kér gi am na taabal, kon ñungi lay ñaan nga bind « A. Déet ».

11. Ndax séen kér am na juntukaayu jiw wala pilférisaatëer buy dox ?

- A. Déet
- B. Waaw

Da ngeen wara bind « B. Waaw » su fekkee ne kér gi am na benn ci ñaari juntukaay yii. Soo leen di bind « A. Déet » na fekk kér gi amul sax benn ci ñaari juntukaay yii.

Yaw mii di def lanket bi, da nga wara laaj ci moomeelu ñaari juntukaay yooyu :

- Ndax séen kér am na juntukaayu jiw buy dox ?
- Ndax séen kér am na pilférisaatëer buy dox ?

Tontu yii ñungi leen di bind ak ndimbalu tablo bii :

<u>Ndax séen kér am na . . . buy dox ?</u>	<u>Tontu bu ñu wara bind</u>
Juntukaayu jiw	Pilférisaatëer
Déet	Déet
Waaw	Waaw
Déet	Waaw
Waaw	Waaw

Bu ñu sukëndikoo ci paas 56 bu *Yoonu jëfëndikoo* bi, « Na ngeen xool ba mu woor leen ne juntukaayu jiw bi wala pilférisaatëer bi baax na, maanaam muc na ab ay. Su fekkee ne juntukaayu jiw bi wala pilférisaatëer bi nga gis baaxul, na ngeen laaj lan moo ci yaqqu. Su fekkee mën nañu koo jagal, jappée leen ko ni juntukaayu jiw wala pilférisaatëer bu baax te ngeen bind « B. Waaw ». Waaye nak su fekkee ne juntukaayu jiw bi wala pilférisaatëer bi daal baaxul te kenn manukoo jagal, japp leen ne juntukaayu jiw bi wala pilférisaatëer bi baaxul te ngeen bind « A. Déet ». »

« Ak ku mën moom juntukaayu jiw bi wala pilférisaatëer bi te mu bokk ci waa kér gi. »

Su fekkee ne kii tontu xamul ndax kér gi am najuntukaayu jiw bi wala pilférisaatëer wala xamul tontu bi, itam su fekkee ne yaw mii, di def lanket bi, mënuloo xam ndax kér gi am na juntukaayu jiw wala pilférisaatëer, kon ñungi lay ñaan nga bind « A. Déet ».